

*Khutbah Jumat*

# PUNGKASAN URIP KANG ALA

Abul Aswad Al Bayaty, B.A

## :: Pungkasan Urip Kang Ala ::

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ، نَحْمَدُهُ، وَنَسْتَعِينُهُ، وَنَسْتَغْفِرُهُ، وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ  
أَنْفُسِنَا، وَسَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا.

مَنْ يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ، وَمَنْ يَضِلَّ فَلَا هَادِيَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ  
إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ.

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ.  
يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا  
زَوْجَهَا وَبَثَّ مِنْهُمَا رِجَالًا كَثِيرًا وَنِسَاءً وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ  
وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا.

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا يُصْلِحْ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ  
وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَمَنْ يُطِيعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا.  
أَمَّا بَعْدُ:

فَإِنَّ خَيْرَ الْحَدِيثِ كِتَابُ اللَّهِ، وَخَيْرَ الْهَدْيِ هَدْيُ مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ  
عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، وَشَرُّ الْأُمُورِ مُحَدَّثَاتُهَا، وَكُلُّ مُحَدَّثَةٍ بِدْعَةٌ، وَكُلُّ بِدْعَةٍ  
ضَلَالَةٌ، وَكُلُّ ضَلَالَةٍ فِي النَّارِ.

Ma'asyiral muslimin jama'ah shalat jum'at ingkang tansah dipun rahmati dening Allah ta'ala. Yektosipun kita sedaya niki boten saged mangertosi kados pundi pungkasaning gesang ingkang badhe kita temahi benjang.

Sebab pungkasan patinipun manungsa menika pinangka winadi utawi rahasianipun Allah ta'ala. Inkang kaserat primpèn wonten salebetipun *Lauhul Mahfudz*. Boten wonten sawiji manungsa ingkang saged ngawuningani menggah punapa ingkang dados isinipun *Lauhul Mahfudz*.

Simbah simbah wiwit jaman kina makina sampun asring paring piwucal. Bilih siji pesthi, loro jodho, telu wahyu, papat pangkat, lima donya sedaya wonten panguwaosipun Allah ta'ala. Pangeran ingkang murba masesa jagad saisinipun.

وَمَا تَدْرِي نَفْسٌ مَّاذَا تَكْسِبُ غَدًا وَمَا تَدْرِي نَفْسٌ بِأَيِّ أَرْضٍ تَمُوتُ

*“Lan manungsa ora mangerteni apa kang bakal dumadi ing dina sesuk. Lan manungsa ora mengerti ana papan ngendi dheweke bakal mati.”* (QS Luqman : 34).

Manungsa boten mangertosi wonten papan pundi piyambakipun seda. Semanten ugi boten mangertosi piyambakipun badhe seda kanthi cara menapa. Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam dhawuh :

## وَإِنَّمَا الْأَعْمَالُ بِالْخَوَاتِيمِ

*“Yekti sekabehing amal itu gumantung pungkasane.”*  
(HR Bukhari : 6607).

Menawi sampun kados mekaten, prayogi kita sedaya boten pareng ujub. Boten pareng gumun setahun jumbleng serendheng dhumateng mapinten pinten amal ibadah ingkang sampung kita lampahi. Gumun marang awake dhewe menika boten pareng.

Sebab dereng kantenan awake dhewe niki benjang saged istiqamah anggenipun nglampahi gesang kanthi sae ngantos dumugi puputing yuswa. Kanjeng Nabi agung Muhammad *shalallahu ‘alaihi wa salam* dhawuh :

إِنَّ أَحَدَكُمْ لَيَعْمَلُ بِعَمَلِ أَهْلِ الْجَنَّةِ حَتَّىٰ مَا يَكُونُ بَيْنَهُ وَبَيْنَهَا إِلَّا ذِرَاعٌ، فَيَسْبِقُ عَلَيْهِ الْكِتَابُ، فَيَعْمَلُ بِعَمَلِ أَهْلِ النَّارِ، فَيَدْخُلُهَا، وَإِنَّ أَحَدَكُمْ لَيَعْمَلُ بِعَمَلِ أَهْلِ النَّارِ، حَتَّىٰ مَا يَكُونُ بَيْنَهُ وَبَيْنَهَا إِلَّا ذِرَاعٌ، فَيَسْبِقُ عَلَيْهِ الْكِتَابُ، فَيَعْمَلُ بِعَمَلِ أَهْلِ الْجَنَّةِ، فَيَدْخُلُهَا

*“Satemene ana sawijining sira ngamal kanthi amalane para ahli suwarga. Nganti antarane dheweke lan suwarga mung kari sadhepa adohe. Ananging karana takdir kang ginaris. Dheweke banjur ngamalake amalane ahli*

*neraka, pungkasane dheweke nyemplung ana sajroning neraka.*

*Lan satemene ana sawijining sira, ngamalake amalane ahli neraka. Nganti antarane dheweke lan neraka mung kari sadhepa adohe. Ananging karena takdir kang ginaris. Dheweke banjur ngamalake amalane ahli swarga. Pungkasane dheweke lumebu ana sajroning swarga.”*  
(HR Bukhari : 3208, Muslim : 2643).

Perkawis menika ingkang andadosaken runtiking penggalih tiyang tiyang ingkang shalih. Piyambakipun boten rumaos tentrem lan marem dhumateng amal ibadah ingkang sampun ditindakaken.

Sebab boten mangertosi kados pundi pungkasaning gesang ingkang badhe dipun lampahi benjang. Wontenipun namung ngarep arep semanten ugi ajrih lan kuwatos menawi amal shalhipun boten dipun tampi dening Allah. Lan boten rumaos aman saking su’ul khatimah.

Antawisipun perkawis ingkang saged njalari kula panjenengan sedaya dipun ayomi saking su’ul khatimah. Inggih punika tansah tumindak kesaenan dhumateng tiyang sanes. Imam Ath Thabarani wonten salebetipun kitab Al Mu’jamul Kabir ngeriwayataken saking sahabat Abu Umamah Al Bahili. Bilih Rasulullah *shalallahu ‘alaihi wa sallam dhawuh* :

صَنَائِعُ الْمَعْرُوفِ تَقِي مَصَارِعَ الشُّوْءِ

*“Tumindak kabecikan iku ngreksa lan njaga saka pungkasan urip kang ala.”*

(HR Ath Thabarani : 8014 hadits menika dipun ngendikakaken dening Syaikh Al Albani pinangka hadits ingkang Hasan).

Punapa ta ingkang dipun wastani *Mashori’us Suu’* (pungkasan ingkang ala menika) ? Para ulama dhawuh bilih pungkasan ingkang ala menika anggadhahi suraos lan makna cacah kalih :

## **1. Su’ul khatimah**

Inggih punika mati kanthi kahanan nembe nindakaken kemaksiatan - *na’udzubillahi min dzalik*. Mati nalika piyambakipun nembe nilar dhawuhipun Allah. Utawi nembe nindakaken laranganipun Allah ta’ala. Sampun kathah kedadosan manungsa mati nalika piyambakipun nembe nindakaken kemaksiatan. Punika ingkang dipun wastani su’ul khatimah.

## **2. Mati kanthi cara ingkang nggegirisi.**

Inggih punika mati kanthi cara ingkang boten lumrah. Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam donga supados dipun ayomi saking perkawis menika. Wonten satunggalipun hadits Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam dhawuh :

اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْهَدْمِ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنَ التَّرَدِّي، وَأَعُوذُ بِكَ مِنَ  
الْغُرَقِ، وَالْحَرَقِ، وَالْهَرَمِ، وَأَعُوذُ بِكَ أَنْ يَتَخَبَّطَنِي الشَّيْطَانُ عِنْدَ  
الْمَوْتِ، وَأَعُوذُ بِكَ أَنْ أَمُوتَ فِي سَبِيلِكَ مُذِيرًا، وَأَعُوذُ بِكَ أَنْ أَمُوتَ  
لَدِيغًا

*“Ya Allah yektosipun kula nyuwun pengayoman dhumateng Paduka saking mati karena ketiban. Lan nyuwun pengayoman dhumateng paduka saking mati karena tumiba saking papan inggil, saking kelelep, kobong, lan pikun.*

*Lan kula nyuwun pengayoman dhumateng paduka supados kula boten dipun sasaraken dening setan nalika sakaratul maut.*

*Lan kula nyuwun pengayoman dhumateng paduka saking mati kanthi kahanan mlajar saking palagan jihad. Lan kula nyuwun penyagoman dhumateng paduka saking mati dicathek kewan ingkang mawa wisa.”*

(HR Abu Dawud : 1552).

Punika kalawau mapinten pinten pati ingkang Nabi *shalallahu ‘alaihi wa sallam* nyuwun pengayoman dhumateng Allah saking pati kados mekaten. Kening menapa Nabi kok nyuwun pengayoman saking model pati ingkang kados mekaten. Sebab niku pati ingkang kirang sae.

Senadyan saperanganipun pati kalawau wonten ingkang sinebat mati syahid. Kados dene mati karena kelelep, kobong lan ketiban. Ananging limrahipun manungsa boten remen dhumateng model pati ingkang kados mekaten. Malah malah nabi shalallahu 'alaihi wa sallam nyuwun pengayoman saking perkawis kalawu.

Benten kalian mati syahid ingkang sejati, mati karena perang fi sabilillah wonten madyaning palagan. Kathah kaum muslimin ingkang nyuwun dipun paringi mati syahid wonten madyaning palagan fi sabilillah.

Ewondene mati karena kobong, ketiban lan kelelep. Kadhang kala tiyangipun dereng sempat mertobat dhumateng Allah ta'ala. Utawi dereng sempat nulis surat wasiat. Pramila sinebat pungkasan ingkang kirang sae.

Ma'asyiral muslimin *rahimakumullah* para jama'ah shalat jum'at ingkang tansah dipun rahmati dening Allah ta'ala. Pramila saking menika, nalika kula panjenengan sedaya anggadhahi panjangka, gegayuhan lan cita cita supados dipun jagi saking pungkasan pati ingkang boten sae. Prayogi ngathah ngathahaken tumindak kesaenan dhumateng sami sami titah.

Tumindak sae ingkang kados pundi ? Wangsulanipun kesaenan menapa kemawon ingkang migunani dhumateng tiyang sanes, prayogi kita tindakaken.



Khadijah radhiyallahu ‘anha nate nyebataken saperangan kesaenan kalawau :

كَلَّا أَبْشِرْ، فَوَاللَّهِ، لَا يُخْزِيكَ اللَّهُ أَبَدًا، وَاللَّهِ، إِنَّكَ لَتَصِلُ الرَّحِمَ،  
وَتَصُدُّقُ الْحَدِيثِ، وَتَحْمِلُ الْكَلَّ، وَتُكْسِبُ الْمَعْدُومَ، وَتَقْرِي الضَّيْفَ،  
وَتُعِينُ عَلَى نَوَائِبِ الْحَقِّ

*“Sepisan pisan boten, paduka kedahipun bungah. Demi Allah, Panjengenanipun Allah boten badhe nibani kacilakan dhumateng paduka salaminipun. Sebab paduka asring nyambung tali pasedherekan. Tansah ngendikan ingkang blaka (jujur), asung pambiyantu dhumateng tiyang sanes, asung dana driyah dhumateng fakir miskin. Remen maringi suguhan dhumateng tamu lan tansah mbela dhumateng margi ingkang leres.”*  
(HR Muslim : 160).

Amalan amalan ingkang dipun sebat dening Khadijah wonten riwayat kalawau pinangka *Shonaai’ul Ma’ruf*. Utawi tumindak kabecikan dhumateng sami sami titah. Menawi kula panjenengan sedaya ajeg nindakaken amalan kalawau. Saged dados sarana kula panjenengan sedaya dipun reksa, dipun jagi dening Allah ta’ala saking panggesangan ingkang asor wonten alam donya. Semanten ugi dipun jagi saking su’ul khatimah.

Ma’asyiral muslimin rahimakumullah ingkang tansah dipun rahmati dening Allah ta’ala. Kula panjenengan

sedaya ugi saged tumindak kesaenan kanthi sugih esem guyu nalika pinanggih sedherek kaum muslimin sanesipun wonten pundi kemawon. Semanten ugi tumindak sae, kanthi pangucap ingkang sae. Allah ta'ala dhawuh :

وَقُولُوا لِلنَّاسِ حُسْنًا

*“Lan ngucapa kang becik marang para manungsa.”*  
(QS Al Baqarah : 83).

Nabi *shalallahu ‘alaihi wa sallam* ugi dhawuh :

وَالكَلِمَةُ الطَّيِّبَةُ صَدَقَةٌ

*“Tetembungan kang becik iku pinangka sedekah.”*  
(HR Bukhari : 2989).

Tetembungan ingkang sae, ingkang damel bungahipun manah tiyang sanes. Boten nyindir, boten nyemoni, boten natoni lan nglarani atinipun tiyang sanes. Menika sedaya pinangka amal shalih.

Semanten ugi amal shalih kanthi tenaga, pikiran urun rembug sedaya kalawau prayogi enggal enggal dipun tindakaken mumpung Allah tasih maringi jatah gesang wonten alam donya niki. Mumpung padhang rembulane, mumpung jembar kalangane.

أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ مِنْ كُلِّ  
ذَنْبٍ، فَاسْتَغْفِرُوهُ يَغْفِرْ لَكُمْ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ

## KHUTBAH KAPING KALIH :

الْحَمْدُ لِلَّهِ... أَلْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي هَدَانَا لِهَذَا. وَمَا كُنَّا لِنَهْتَدِيَ لَوْلَا أَنْ هَدَانَا  
اللَّهُ،

وَ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاحِدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَ أَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ  
وَ رَسُولُهُ، لَا نَبِيَّ بَعْدَهُ.

Ma'asyiral muslimin *rahimakumullah*, kados dene margi ingkang njalari manungsa dipun jagi saking *su'ul khatimah* menika wonten. Semanten ugi margi ingkang njalari manungsa kejlomprong tumuju *su'ul khatimah* ugi wonten.

Margi ingkang njalari manungsa kejlomprong tumuju *su'ul khatimah* inggih punika kosok wangsulipun saking *Shonai'ul Ma'ruf*. Wosipun pirembagan bilih sedaya tumindak zalim, ambeg angkara, watak candhala lan sawiyah wiyah dhumateng sami sami titah. Pinangka margi ingkang njalari manungsa kejlomprong tumuju *su'ul khatimah*.

Pramila saking menika, prayogi kita sedaya niki nalika nglampahi gesang wonten alam padhang kedah prayitna, setiti, nastiti, ngati ati, tansah eling lan waspada. Ampun ngantos kita mati kanthi kahanan gawe serik atining liyang. Boten pareng nglarani badanipun tiyang sanes, utawi nglarani atinipun tiyang sanes.

Sae kanthi mendhet bandhanipun kanthi cara zalim. Utawi ngendika ingkang damel tatu dhumateng penggalhipun tiyang sanes. Sadawa dawane lurung isih dawa gurung. Salandhep landhepe welat isih landhep ilat. Ngati ati yen ngucap aja gawe lara ati.

Nalika kita sampun tumindak zalim dhumateng manungsa enggal enggal nyuwun pangapunten. Wonten jaman samenika kathah tiyang damel serik atining liyan kanthi lisan lan tulisanipun.

Lan kedah dipun mangertosi sesarengan bilih tumindak zalim dhumateng tiyang sanes niku. Boten namung kanthi ngrampas bandhanipun, boten kanthi cara ngantem lan natoni awakipun. Ananging ugi kalebet tumindak zalim nalika kula panjenengan sedaya kumawantun ngasorake martabatipun tiyang sanes. Nabi *shalallahu 'alaihi wa sallam* dhawuh :

فَإِنَّ دِمَاءَكُمْ وَأَمْوَالَكُمْ وَأَعْرَاضَكُمْ حَرَامٌ عَلَيْكُمْ

*“Yekti getihmu, bandhamu lan martabatmu haram dilanggar dening sira kabeh.”* (HR Muslim : 1679).

Wonten hadits kalawau kanjeng nabi agung Muhammad shalallahu 'alaihi wa sallam boten namung nyebatekan getih lan bandha. Ananging ugi martabat, pakurmatan, ajining diri menika ugi boten pareng dipun langar. Boten pareng dipun asoraken.

Mugi mugi Allah *subhanahu wa ta'ala* tansah maringi kita sedaya akhlak ingkang minulya. Kita tansah dipun jagi saking sedaya lagak, lagu, lagon, lelageyan ingkang kirang sae. Dipun jagi saking sedaya tumindak ingkang damel kapitunanipun tiyang sanes. Lan tansah dipun ayomi saking sedaya perkawis ingkang njalari kula panjengan sedaya kejlomprong tumuju *su'ul khatimah*.

Mugi mugi Allah kepareng maringi kanugrahan aripu *husnul khatimah*, pungkasanipun gesang ingkang sae.

إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ  
وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ، وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ، كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ،  
وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ، وَبَارِكْ عَلَى مُحَمَّدٍ، وَعَلَى آلِ  
مُحَمَّدٍ، كَمَا بَارَكْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ، وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ  
وَالْأَمْوَاتِ إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ وَيَاقَاضِي الْحَاجَاتِ

اللَّهُمَّ آتِ نُفُوسَنَا تَقْوَاهَا وَزَكَّاهَا أَنْتَ خَيْرُ مَنْ زَكَّاهَا أَنْتَ وَابِيهَا وَمَوْلَاهَا

رَبَّنَا ظَلَمْنَا أَنْفُسَنَا وَإِنْ لَمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ

لِلَّهِمَّ اغْفِرْ لَنَا مَا قَدَّمْنَا وَمَا أَخَّرْنَا وَمَا أَسْرَرْنَا وَمَا أَعْلَنَّا وَمَا أَسْرَفْنَا  
وَمَا أَنْتَ أَعْلَمُ بِهِ مِنَّا، أَنْتَ الْمُقَدِّمُ، وَأَنْتَ الْمُؤَخِّرُ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ

رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ